

Tradiktoloji kreyòl ayisyen **Chapit III : Metodoloji**

1. Kontèks rechèch la

Tout rechèch syantifik, kit li se rechèch fondamantal, kit li se rechèch aplike, mande pou li gen yon kad metodolojik. Sa bay rechèch la tout valè ak rigè syantifik li nan fasilite ranmase done, epi trete yo pa mwayen metòd ak teknik efikas e adapte nan lide pou jwenn rezilta y ap chèche a.

Nan sans sa a, nou rive fè diferans ant metòd ak teknik. Metòd la se yon ansanm pratik patikilye yon syans mobilize nan lide pou pakou demonstrasyon li yo ak teyorizasyon li yo kapab klè, evidan epi san kontestasyon. Teknik lan li menm fè referans ak mwayen chèchè a itilize pou franchi yon seri etap limite, sa vle di yon seri zouti ki la pou yon ti tan, ki lye ak yon kontèks epi ki limite nan pwosesis rechèch la, tankou sondaj, entèvyou, sosyogram, jwe wòl, tès... (Aktouf, 1987). Se sa ki fè se bon itilizasyon metòd ak teknik ki defini metodoloji rechèch la, san sa yo pa gen travay syantifik ki posib jan otè a souliye sa pi wo a.

Objektif jeneral tèz la se dekri lang kreyòl ayisyen an nan nivo tradiksyon epi vini ak yon didaktik tradiksyon pou ansèyman ak pratik tradiksyon nan lang ayisyen an kòm lang sib. Lè nou pale de didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an, nou pale de yon kad teyorik, metodolojik ak pedagogik ki òganize ansèyman, aprantisaj, nòm, pwosedi ak evalyasyon tradiksyon ki fèt soti nan nenpòt lang pou rive nan lang kreyòl ayisyen an. Kidonk, se yon ansanm prensip, metòd, teknik ak nòm ki fèt espesyalman pou kontèks ayisyen an epi ki chita sou analiz pratik, defi, estrateji ak konpòtman tradiktè k ap travay an kreyòl ayisyen an.

Nan chapit sa a, n ap ekspoze metòd nou itilize pou nou jwenn enfòmasyon ki reponn kesyon rechèch nou an: Ki sa ki defini didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an ? Nan sans sa a, n

ap dekri, nan pati sa a, patisipan ki pral fè pati etid la, enstriman ki fasilite nou kolekte done yo epi prezante limit rechèch la.

2. Deskripsyon tip envestigasyon an

Lè nou konsidere mankman ki genyen nan rechèch nan tradiktoloji sitou nan lang kreyòl ayisyen an sou plan didaktik, nou rete kwè rive mennen yon rechèch ak yon apwòch kalitatif nan chan sa a ap fasilite nou familiarize ak patisipan yo epi gen bon jan lide sou preyoqipasyon yo. Daprè Maxwell (2010), rechèch kalitatif la pa menm ak rechèch kantitatif la, li pa avanse ipotèz, metòd ak done l ap kolekte yo depi davans. Yo pa wè fenomèn yo menm fason. Fason yo wè fenomèn k ap etidye a gen yon gwo enfliyans sou kesyon rechèch yo ak sou metòd pou kolekte epi analize done yo (Maxwell, 2010).

Pou Becker (1998) li menm, yon apwòch rechèch kalitatif se yon travay anpirik, rasyonèl, kreyatif epi ki chita nan obsèvasyon monn sosyal reyèl la dapre jan aktè yo viv li. Se pa senpman konfime yon seri ipotèz abstrè, men se poze bon kesyon, obsève ak atansyon, epi konprann kòman moun nan rive bay aksyon li yo ak aksyon lòt moun yo sans nan yon seri kontèks konkrè (Becker, 1998).

Nan sans sa a, nou estime se yon pi bon fason pou nou rive reponn kesyon rechèch nou ki se: ki sa ki defini didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an ?

3. Deskripsyon popilasyon, echantyon ak pwosesis seleksyon done yo

Nan kad rechèch sa a, popilasyon nou sible a se pwofesè tradiksyon, patisipan ki gen fòmasyon nan tradiksyon ak lengwistik, patisipan ki gen fòmasyon nan lang oswa nan didaktik lang ak tout moun ki pratike tradiksyon soti nan lòt lang rive nan lang kreyòl ayisyen an.

An total, nou kontakte anviwon 50 patisipan ki fè pati kategori sa a atravè adrès imèl pèsònèl yo e atravè *WhatsApp*. Nou te itilize yon kesyonè elektwonik ki te prepare sou platfòm

Google Forms kòm zouti pou te seleksyone done yo. Pou garanti fyabilite repons yo, chak patisipan te resevwa yon sèl lyen kesyonè a epi yo te gen posibilite ranpli li yon sèl fwa.

Nan fen pwosesis ranmasay done yo, nou jwenn 39 patisipan ki soumèt kesyonè a. Sepandan, apre yon premye faz verifikasyon ak triyaj, nou te idantifye 7 kesyonè ki pa t prezante done aseptab, sitou paske patisipan ki te soumèt yo a pa t demontre okenn eksperyans reyèl nan tradiksyon kreyòl ayisyen an. Se nan sans sa a, kantite echantiyon final nou analize a te 32, ki reprezante repons valid dapre kritè seleksyon nou te fikse nan kad rechèch la.

4. Deskripsyon enstriman ki itilize yo, pwosedi evalyasyon yo

Nan kad rechèch sa a, enstriman prensipal pou nou kolekte done nou itilize yo se yon kesyonè elektwonik ki prepare sou platfòm **Google Forms**. Nou te chwazi zouti sa a pou plizyè rezon: li senp pou itilize, li aksesib atravè òdinatè oswa telefòn entèlijan, li fasilite yon jesyon sistematik nan done yo, epi li limite risk pou gen erè pandan antre oswa transfè repons yo, epi pi gwo avantaj la, nou kapab travay san nou pa deplase.

Kesyonè a te prepare espesyalman pou divès kategori patisipan yo, sitou tradiktè pwofesyonèl, pratikan nan tradiksyon, ak pwofesè tradiksyon. Nou te distribye kesyonè a atravè de (2) mwayen prensipal: imèl pèsonèl patisipan yo, kote yo te resevwa yon lyen dirèk pou ranpli kesyonè a. Aplikasyon WhatsApp, ki sèvi kòm yon chanèl komunikasyon rapid e fleksib, espesyalman pou moun ki plis abitye ak rezo sosyal olye imel.

Kesyonè a te konstui dapre yon estrikti ki vize kolekte done kantitatif ak kalitatif nan menm moman an. Nan sans sa a, li te gen ladan li 6 kesyon fèmèn, ki fasilite nou jwenn repons presi, mezire epi fasil pou klase ; 10 kesyon ouvè ki bay patisipan yo libète pou devlope lide yo, esprime opinyon yo, epi pataje eksperyans pèsonèl yo sou tradiksyon kreyòl ayisyen an.

Pou evalyasyon validite kesyonè a, nou te suiv yon pwosedi an plizyè etap. Anvan distribisyon final la, nou te revize kesyon yo avèk anpil atansyon pou asire yo klè, senp, epi yo reponn dirèkteman ak objektif rechèch la. Estrikti kesyon yo te pèmèt nou konbine yon apwòch analiz estatistik pou kesyon fèmèn yo ak yon apwòch analiz tematik pou kesyon ouvè yo, kon sa done yo te pi rich epi yo pi estratejik.

5. Esplikasyon sou demach nou suiv yo

Jan nou te deja presize sa nan seksyon ki pi wo yo, zouti prensipal nou itilize pou kolekte done yo se yon kesyonè elektwonik nou prepare sou platfòm *Google Forms*. Nou te chwazi metòd sa a paske li ofri plizyè avantaj: li fasilite aksè rapid pou tout patisipan yo, li garanti yon koleksyon done ki pi òdone, epi li limite risk erè ki konn fèt pandan n ap rantre done yo ak men nou. Anplis, zouti sa a te pèmèt nou kontwole validite repons yo, paske chak moun te gen aksè ak fòm nan atravè yon sèl lyen pèsonalize nou te voye sou adrès imèl yo oswa sou *WhatsApp*.

Nan kad distribisyon kesyonè a, nou te idantifye epi kontakte yon gwoup moun espesifik ki gen eksperyans oswa ki ap evolye nan domèn tradiksyon. Gwoup sa a te genyen: espesyalis nan tradiksyon ak lengwistik, pratikan ki abitye tradui nan lang kreyòl ayisyen an, pwofesyonèl nan ansèyman ak didaktik lang, ansanm ak pwofesè ki anseye oswa pratike tradiksyon nan kad akademik.

Nou te voye envitasyon bay chak patisipan atravè imèl oswa atravè *WhatsApp*, kote nou te esplike objektif rechèch la, enpòtans kontribisyon yo, ansanm ak prensip etik nou respekte pou garanti konfidansyalite done yo.

Repons yo te kòmanse rive jwenn nou depi premye jou a, 25 me 2025, sa ki te montre yon gwo enterè ak motivasyon bò kote patisipan yo. Pwosesis koleksyon an te dire jiska 26 jiyè

2025, sa vle di yon peryòd de (2) mwa. Delè sa a te pèmèt nou jwenn repons ki pi konplè, paske li te bay patisipan yo ase tan pou yo reflechi sou chak kesyon anvan yo soumèt repons yo.

An rezime, metòd sa a pa sèlman garanti yon kantite repons ki satisfèzan, men li te fasilite nou jwenn done ki pi solid, ki kapab sèvi kòm yon baz serye pou analiz done nan lòt faz rechèch la.

6. Deskripsyon ak analiz done yo

Objektif prensipal nou se rive jwenn done ki ka fasilite nou dekri ak analize fason pwosesis tradiksyon an dewoule nan lang kreyòl ayisyen an, nan lide pou mete baz yon didaktik tradiksyon kreyòl. Pou sa, nou adopte yon apwòch kalitatif, ki pi apwopriye pou konprann eksperyans, reprezantasyon, ak pratik tradiksyon patisipan yo.

Done nou ranmase yo sòti nan de (2) pati kesyonè a. Premye pati a te gen ladan li 6 kesyon fèmèn ki te vize kolekte done deskriptif sou pwofil patisipan yo. Sa ap fasilite nou idantifye patisipan yo kòm tradiktè pwofesyonèl, pratikan tradiksyon ak fòmasyon, pratikan tradiksyon san fòmasyon teyorik, oswa espesyalis nan tradiksyon ki deja gen eksperyans nan tradiksyon an kreyòl ayisyen.

Kesyon sa yo fasilite nou klase done yo epi etabli kategori patisipan yo pou yon vizyon pi klè sou eksperyans yo. Rezilta pati sa a ap trete sitou nan fòm estatistik deskriptif tankou pousantaj, frekans ak tablo.

Dezyèm pati a te konpoze ak 10 kesyon ouvè ki te vize kolekte done kalitatif sou eksperyans patisipan yo nan tradiksyon, defi yo rankontre nan pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an, estrateji yo itilize pou rezoud pwoblèm tradiksyon, vizyon ak pèspektiv yo sou pwosesis tradiksyon an kreyòl ayisyen.

N ap rive analize kesyon ouvè sa yo atravè yon analiz tematik. Pwosesis analiz sa a ap fèt an plizyè etap: lekti apwofondi repons yo pou idantifye mo kle ak lide prensipal yo; klasifikasyon repons yo an gwo kategori tematik tankou prensip tradiksyon, defi tradiksyon, elatriye; konparezon kategori yo ant diferan tip pwofil patisipan tankou tradiktè pwofesyonèl ak pratikan san fòmasyon, pwofesè tradiksyon, elatriye.

Pou n fini n ap entèprete rezilta yo pou mete aksan sou pwen konvèjans ak divèjans ki ka pote limyè sou sitiyasyon aktyèl tradiksyon nan kreyòl ayisyen an.

7. Jistifikasyon metòd analiz done yo

Nan kad etid sa a n ap itilize yon metòd analiz fenomelojik. Nou itilize metòd analiz sa a paske, dapre Husserl (1931), se yon apwòch rechèch kalitatif ki konsantre sou etid eksperyans moun ak sans yo bay fenomèn yo. Yo itilize l nan rechèch kalitatif pou konprann kòman moun yo viv epi konprann yon sitiyasyon oswa yon eksperyans (Husserl, 1931). Kidonk lè nou konsidere objektif rechèch nou an ak kalite done nou kolekte yo, nou rive konprann se youn nan metòd k ap fasilite nou rive jwenn pi bon rezilta a nan yon analiz ki byen fonde.

8. Diskisyon sou validite entèn ak ekstèn

Nan kad travay sa a, nou mete an plas yon metodoloji deskriptif ak kad analiz ki konsistan ak kesyon rechèch yo. Chwa patisipan yo tankou tradiktè k ap pratike, pwofesè tradiksyon te fèt avèk swen pou asire yo reprezante yon varyete eksperyans, sa ki ranfòse validite entèn lan.

Ansuit, kesyon ankèt yo konstui avèk presizyon, baze sou kad teyorik ki sòti nan literati tradiktolojik. Nou te itilize kesyon estratejik pou evite fòmilasyon repons ki ka twonpe nou oswa ki ta ka enfluyans repons yo, e sa rann done yo pi fyab.

Travay sa a baze sou yon analiz espasyo-tanporèl ki lye ak pratik tradiksyon nan peyi d Ayiti, sitou nan kad lang kreyòl ayisyen kòm lang sib. Sa vle di, rezilta yo valab sitou pou kontèks ayisyen an e pou lang kreyòl la jan li ap fonksyone nan sosyete a. Tout fwa, nan kad ansèyman tradiksyon kreyòl ayisyen an, li kapab itilize nan nenpòt enstitisyon ki an deyò Ayiti.

Menm si done yo sòti nan yon gwoup patisipan limite, yo revele tandans jeneral ak difikilte ki ka parèt menm jan nan lòt kontèks kote lang lokal yo pa toujou gen ase zouti pou tradiksyon fòmèl. Se nan sans sa a, rezilta yo ka sèvi kòm referans pou lòt lang kreyòl oswa lang k ap eseye devlope zouti pou tradiksyon pwofesyonèl. Sa bay travay la yon validite ekstèn pasyèl, sitou pou peyi ki nan yon sitiyasyon lengwistik, politik ak edikasyon ki sanble ak Ayiti.

Sepandan, nou dwe mete restriksyon sou jan rezilta sa yo kapab jeneralize. Kòm egzanp, tradiksyon an kreyòl ayisyen gen eleman espesifik li, yo pa ka konpare ak tout lòt lang oswa tout lòt peyi. Se poutèt sa, nenpòt transfè rezilta rechèch sa a dwe fèt avèk prekosyon epi nan kad konparatif ak analiz ki kontektyalize.

An rezime, nou konsidere travay sa a gen yon validite entèn solid, gras ak swen metodolojik nou te mete nan ranmase ak analize done yo. Pou validite ekstèn lan, menm si li pa totalman jeneralizab, li louvri pòt pou lòt rechèch konparatif, epi li kapab sèvi kòm modèl pou refleksyon sou tradiksyon nan lang lokal yo.

9. Plan prezantasyon done yo: pati anpirik travay la

Pati anpirik rechèch la ap òganize an de gwo kategori done ki chita sou repons patisipan yo. Estrikti sa a fasilite nou prezante rezilta yo nan yon lòd ki lojik, ki klè pou fasilite lekti ak konpreyansyon.

9.1. Premye kategori: done sou pwofil tradiktè yo

Nan kategori sa a, nou analize idantite pwofesyonèl ak eksperyans patisipan yo nan tradiksyon. Done yo klase an kat (4) sou-gwoup :

-Pwofesè tradiksyon oswa espesyalis tradiksyon, sa vle di moun ki gen fòmasyon avanse nan tradiksyon ak lengwistik, ki souvan angaje nan ansèyman oswa rechèch nan domèn nan.

-Tradiktè pwofesyonèl, sa yo se moun ki pratike tradiksyon kòm metye prensipal yo.

-Pratikan tradiktè konsyan, se moun ki pa tradiktè pwofesyonèl men ki gen yon pratik regilye nan tradiksyon, ak yon konesans sou pwosesis la epi ki rekonèt yo kòm tradiktè.

-Pratikan tradiktè non konsyan, se moun ki tradui nan pratik chak jou yo san yo pa devlope yon refleksyon pwofon sou teknik ak metòd tradiksyon.

Analiz kategori sa a ap fasilite nou klase epi vizyalize distribisyon patisipan yo, mete aksan sou varyete pwofil yo, epi montre kijan diferan eksperyans sa yo enflyanse vizyon yo sou tradiksyon kreyòl la.

9.2. Dezyèm kategori: done sou pwosesis tradiksyon an nan lang kreyòl ayisyen

Nan kategori sa a, nou konsantre sou konpreyansyon ak pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an jan patisipan yo dekri li. Done yo òganize nan kat (4) dimansyon tematik prensipal:

-Prensip tradiksyon an, fason patisipan yo konprann fondman, prensip debaz ak apwòch metodolojik nan tradiksyon kreyòl ayisyen.

-Defi tradiksyon an, difikilte yo rankontre nan nivo lengwistik, pedagogik, teknik oswa kiltirèl pandan yo ap tradui nan kreyòl.

-Evalyasyon tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen, fason patisipan yo jije nivo kalite, efikasite ak pètinans tradiksyon ki pwodui nan lang kreyòl ayisyen.

-Remedyasyon ak rekòmandasyon, solisyon yo pwopoze pou amelyore pratik tradiksyon an, mete aksan sou nesesite pou devlope zouti, metodoloji ak yon didaktik tradiksyon kreyòl ki solid.

Estrikti anpirik sa a ap fasilite nou pase soti nan yon vizyon deskriptif, ki moun ki patisipe, pou rive nan yon vizyon analiz tematik, kòman pwosesis tradiksyon fèt, ki pwoblèm li genyen ak ki solisyon posib nan lang kreyòl ayisyen an.

10. Plan tèz la

Travay rechèch sa a òganize an plizyè chapit ki lye youn ak lòt nan yon lojik metodolojik e syantifik. Nou adopte estrikti sa a pou fasilite lektè a konprann etap pa etap demach nou, soti nan definisyon pwoblèm nan rive nan pwopozisyon solisyon ak rekòmandasyon yo.

Entwodiksyon

Chapit I: Pwoblematik

Chapit II: Revizyon literati

Chapit III: Metòd

Chapit IV: Rezilta

Chapit V: Diskisyon

Konklizyon

Bibliyografi

11. Kwonogram aktivite : Referans anèks x

Chapit metodoloji a te pèmèt nou tabli yon kad syantifik solid pou rechèch la, nan prezante tout desizyon ak etap ki te gide nou nan pwosesis ranmasay ak analiz done yo. Nou te defini tip investigasyon an, prezante popilasyon ak echantyon an, eksplike zouti ak teknik

koleksyon done yo epi jistifye apwòch analiz nou an. Distenksyon ki fèt ant metòd ak teknik la te fasilite nou mete demach la sou yon baz ki klè epi ki verifyab, pandan nou rete fidèl ak objektif prensipal la: idantifye epi defini sa ki konstitye yon didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen. Nan kontèks sa a, chapit metodoloji a jwe wòl fondasyon syantifik travay la paske li tabli prensip, lojik ak estrikti ki bay kredibilite ak objektivite nan trete reyalye tradiksyon kreyòl ayisyen an.

Nan sans sa a, chapit sa a fè plas pou analiz anpirik ki pral fèt nan chapit k ap vini an. Atravè kad metodolojik nou tabli a, nou deja presize dimansyon tematik ki pral gide òganizasyon done yo: prensip tradiksyon, defi lengwistik ak kiltirèl, estrateji tèminolojik ak kritè evalyasyon patisipan yo. Se poutèt sa, Chapit IV la ap prezante rezilta koleksyon done yo, epi li pral òganize yo dapre kritè ki soti nan menm apwòch metodolojik sa a, nan lide pou asire koyerans analiz la. Tranzisyon sa a louvri pòt pou nou antre nan faz kote rechèch la kòmanse reponn kesyon li te poze a gras ak kalite ak klasifikasyon done patisipan yo pral founi nou.